



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PANDAN SEYANS ENFÒMASYON SOU NOUVO KOWONAVIRIS, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK PRAL FÈ KONTRA AK 28 LABORATWA PRIVE POU OGMANTE KAPASITE TÈS POU KOWONAVIRIS

SUNY ak CUNY pral prepare plan yo pou aprantisaj adistans pou rès semès prentan an kòmanse semèn pwochèn

Eta a pral bay de semèn konje peye pou travayè Eta a yo ki nan karantèn kòm rezilta nouvo kowonaviris la

Li konfime 43 Ka kowonaviris anplis nan Eta New York - ki mete total la ak 216 nan tout Eta a; Nouvo Ka yo gen ladan 13 nan Konte Westchester, 16 nan Vil New York, 9 nan Konte Nassau ak 5 an Konte Suffolk

Li anonse ef koperatif avèk lidè biznis Eta New York yo pou volontèman egzekite diferan orè travay ak travay adistans pou ede redwi dansite

Depatman Sante NYS a pral bay 200,000 dola ak bank manje lokal nan New Rochelle pou asire ke kèlkeswa fanmi ki konte sou dejene lekòl gratis kapab kontinye aksede ak li pandan peryòd izòlman an

Pandan yon seyans enfòmasyon sou nouvo kowonaviris, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York pral fè kontra avèk 28 laboratwa prive ogmante kapasite tès pou nouvo kowonaviris la. Apre yon apèl ak 28 laboratwa, Gouvènè a te anonse ke li te bay esnstriksyon ak laboratwa yo pou kòmanse teste imedyatman sito ke yo prepare. 28 laboratwa yo espesyalize nan viwoloji epi yo se patenè woutin avèk Depatman Sante Eta New York la.

Gouvènè a te anonse tou ke State University of New York ak City University of New York pral egzekite plan yo pou maksimize aprantisaj adistans epi redwi kou an pèsòn yo, kòmanse 19 mas, pou rès semès prentan an pa rapò ak evolasyon sityasyon nouvo kowonaviris la nan New York. Tout kanpis yo pral devlope plan ki reponn ak kanpis la ak bezwen espesifik kourikoulòm yo pandan li ap redwi dansite nan anviwònman kanpis yo pou ede ralanti posibilite pou ekspozisyon ak nouvo kowonaviris. Kanpis yo pral devlope aprantisaj adistans ak lòt opsyon yo.

Gouvènè Cuomo te anonse Eta a pral garanti de semèn konplè konje peye pou tout travayè Eta a ki sijè ak òdonans karantèn prevantif oswa obligatwa kòm rezilta yon tès pou nouvo kowonaviris la. Yo pap retire nan jou konje anplwaye yo pandan tan yo pase deyò travay pou karantèn lan. Sa pral aplike ak tout anplwaye Eta a yo, san

konsiderasyon pou klasifikasyon sèvis sivil, inite negosyasyon, ak san konsiderasyon pou tan pasyèl oswa estati akimilasyon konje.

Finalman, Gouvènè a te konfime tou 43 ka adisyonèl Coronavirus, sa ki bay yon total 216 ka konfime nan Eta New York. Nan total 216 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Westchester: 121 (13 nouvo ka)

Vil New York: 52 (16 nouvo ka)

Nassau: 28 (9 nouvo ka)

Suffolk: 6 (5 nouvo ka)

Rockland: 6

Saratoga: 2

Ulster: 1

"Pandan risk la pou Nouyòkè yo rete ba, nou ap pran yon kantite mezi pa anpil prekosyon pou pwoteje sante piblik gen ladan mande SUNY ak CUNY pou egzekite estrateji yo pou redwi dansite sou kanpis pou rès semès la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An menm tan, nou ap kontinye priyorize entansifye kapasite tès paske plis moun nou idantifye ki gen viris la, se pi byen nou kapab kontni li. Nou ap dirije tou ak egzanp epi bay konje peye pou tout travayè Eta a ki nan karantèn kòm rezilta viris la - epi nou ap ankouraje biznis yo volontèman fè moun travay lakay nan mezi sa posib. Ankò mwen vle raple moun pou kenbe sa an pèspektiv: done yo pa jistifye laperèz nan sitiyoasyon sa a epi done yo isit la ta dwe an reyalyte redwi anksyete."

Aprè li pale ak lidè biznis yo jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse yon nouvo efò koperatif avèk lidè biznis New York yo pou redwi dansite.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse ke Depatman Sante Eta New York pral akòde 200,000 dola ak yon bank manje lokal nan New Rochelle pou ede kominote a kòm li ap fè fas ak yon gwoup ka pozitif pou nouvo kowonaviris la. Nèf lekòl nan New Rochelle fèmen aktyèlman kòm rezilta zòn izòlman yo etabli yè a, epi finansman sa a pral ede asire kèlkeswa timoun oswa fanmi ki konte sou dejene lekòl gratis yo kapab kontinye aksede ak li pandan efò izòlman sa a.

Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare, "Nou te ap travay depre avèk Gouvènè a ak Depatman Sante a pou pèmèt etidyan SUNY yo kontinye edikasyon yo a anliy oswa adistans, konsa sa ap limite ekspozisyon yo ak COVID-19 la pandan nou ap asire kontinwite akademik. SUNY se yon gwo inisyativ pou Sistèm nou an, epi nou tap prepare pou migre anpil nan pwogram akademik nou yo nan nouvo platfòm aprantisaj adistans sa a. Avèk plis pase 100,000 etidyan SUNY aktyèlman kap pran youn oswa plizyè kou yo a anliy avèk nou, nou kwè nou prepare ak byen pozisyon pou pwofite enstriksyon adistans pou fè avanse edikasyon etidyan nou yo pandan kriz sa a".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare: "Tranzisyon an pou aprantisaj adistans lan ap pwoteje etidyan nou yo ak tout kominote kanpis nou yo, pandan sa ap pèmèt Inivèsite a asire kontinwite akademik, nan prezève kapasite etidyan yo pou fini semès la ak pwoteje èd finansye yo a. 25 kanpis nou yo, gen ladan dètwa yo,

bibliyotèk yo, ak etablisman rechèch yo, pral rete ouvè. Sante ak sekirite kominote Inivèsité a rete priyorite prensipal nou epi mwen kontan ke mezi sa a pèmèt CUNY kontinye sèvi etidyan li yo pandan li ap soulaje presyon sou zòn nou an pandan menas sante piblik sa a".

Yè, Gouvènè Cuomo te aksepte rekòmandasyon Komisè Sante Eta a, Doktè. Howard Zucker pou nouvo mezi ijans pou frennen gwoup coronavirus la nan New Rochelle. Zòn nan genyen 108 ka ki konfime aktyèlman epi yo konsidere l kòm yon "gwoup". Pwotokòl yo genyen ladan yo fèmen lekòl, mezon adorasyon ak lòt etablisman gwo rasanbleman ki nan yon reyon yon kilomèt swasant New Rochelle pandan yon peryòd de semèn, soti jedi 12 mas rive mèkredi 25 mas.

Gouvènè a te deplwaye twoup Gad Nasyonal yo nan yon pòs kòmandman Depatman Sante a nan New Rochell pou ede ak epidemi an. Twoup yo mobilize pou livre manje nan kay yo epi ede nan netwayaj piblik espas nan zòn izòlman an.

Gouvènè a te anonse tou Eta a ap fè patenarya ak Northwell Health pou etabli enstalasyon satelit pou fè tès nan New Rochelle. Vizit yo t ap fèt sou randevou sèlman. Gen plis enfòmasyon k ap pibliye nan pa lontan sou sitwèb Depatman Sante Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)